



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Office of the Superintendent



Premye Septanm 2020

Bonjou Fanmi ak Gadyen/Swenyè nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange nou yo,

Nan konmansman yon nouvo ane lekòl, tankou lè solèy la leve maten byen bonè nan yon nouvo jou, sonje ke lavini kenbe posiblité enfini yo. Mwen espere ke vakans ete w la te kontinye byen detann; ranpli ak avanti epi bòn sante paske ou merite sa. Opòtinite pou ravitaye pandan ete a se yon eleman nesèsè nan travay enpòtan ke nou fè. Ete sa a plis pase tout tan, mwen sèten ke ou te bezwen tan pou dekonprese w. Menm si nou toujou benyen nan "nouvo nòm" nou an, kòm yon distri, nou te kapab reflechi sou pratik nou yo ak nan pwogram ete a kòm osibyèn ke sou lansman Relouvèti Lekòl yo, mwen santi nou gen yon plan ki pral benefisyè tout sitwayen kominote a paske vwa ou yo te repete nan tout dokiman an. Nou pral kòmanse yon gwo ane lekòl plen ak espwa, vizyon, ak eksitasyon. Ane lekòl sa a jan ou konnen an ap kòmanse byen diferan. Atravè mwayen adistans yo nou pral kontinye anbrase elèv yo kòm si yo te devan nou nan bilding respektif nou yo.

10 Out 2020 an, Dr Powell ak mwenmenm te prezante Plan pou Retounen nan Lekòl la nan yon reyinyon vityèl administratif vil la (town hall meeting) ki te difize andirèk sou Facebook distri a ak Chanèl You Tube. Konsa, nan reyinyon sa a nou te prezante de plan sepandan plan ki te rekòmande bay Konsèy Depatman Edikasyon an se te Plan B a. Pwofesè yo ap fè enstriksyon nan fòm aprantisaj modifiye vityèl pou yon pousantaj nan ane lekòl la. Anba la a se deskripsyon pou Plan B ki pral sèvi kòm yon rapèl jan yo eksplike sa nan Komite Kourikoulòm Vityèl Konsèy Depatman Edikasyon 28 Jiyè a ansanm ak reyinyon administratif vil la (Town Hall Meeting) ki te fèt 10 Out 10 vityèlman epi finalman prezante nan Reyinyon Konsèy Depatman Edikasyon an 11 Out 11 vityèlman.

[8 Septanm – 2 October \(4 esmèn\)](#)

Faz 1: 100% Ansèyman/Aprantisaj Vityèl

Nan Faz 1 an tout ansèyman / aprantisaj fèt vityèlman / adistans lakay ak nan yon orè fòm senkwonik pwograme. Pandan tan sa a, distri a ap etabli pi bon pratik nan edikasyon vityèl. Tan sa a pèmèt bagay sa yo rive:

- ✓ Lekòl yo ap entansifye fòmasyon anplwaye yo, paran yo, epi elèv yo konsantre sou platfòm dijital ki apwouve yo
- ✓ Pwofesè yo ap revize konpetans yo ak konesans ki pi kritik pou chak matyè ak nivo klas yo ak elèv yo
- ✓ Pwofesè yo ap evalye aprantisaj inacheve elèv yo tankou bay yo sipò akselerasyon.
- ✓ Lekòl yo entegre pwogram chòk enfòmè / SEL nan pwogram enstriksyon tradisyonèl yo
- ✓ Lekòl yo ap distribye resous ansèyman esansyèl ke pwofesè yo dwe genyen lakay / lekòl selon nivo klas yo
- ✓ Lekòl yo ap distribye materyèl "ekri an lèt detache" ke elèv yo bezwen pou lakay yo ak enstriksyon sou plas
- ✓ Lekòl yo ap distribye materyèl endividalize pou itilizasyon elèv yo (manipilatif, founiti atizay, materyèl laboratwa syans / STEM, plak pwotèj), kòmande plis pwovizyon pase nòm.
- ✓ Lekòl yo ap devlope orè adistans senkwonik, idantifye espas salklas yo.
- ✓ Distri a ap enstale tout materyèl sekirite yo

[5 Oktòb – 25 Novanm \(7 semèn\)](#)

Nan Faz 2 a: Ansèyman Senkwonik Adistans, pwofesè yo ap rapòte sou plas pou 2 jou pa semèn nan bay enstriksyon vityèl senkwonik nan espas sa klas yo deziyen; anplwaye sipò (*konsèy akademik, CST, founisè sèvis ki gen rapò, travayè sosyal, prezans ofisyèl yo*), enfimyè, TC a, sekretè yo ap souplas 4 jou pa semèn. Pwofesè yo pataje ka gen yon orè AM / PM. Webcams yo ap itilize pandan enstriksyon pou elèv yo k'ap aprann lakay yo. Webcams yo pral opere sèlman sou pwofesè pandan itilizasyon yo. Pwofesè yo souplas pandan tout jounen lekòl la. * *Si orè ak anplwaye pèmèt; plis tan ka pwograme pou elèv ki nan risk / Tier/Nivo III.* Anplwaye yo pral swiv tou orè pou CPT a ak lòt lè pou planifikasyon. Administratè yo pral kapab kòmanse fè obsèvasyon fòmèl sou ansèyman yo pandan tan sa a. Orè elèv yo pandan tan sa a ap swiv swa yon demi jounen fòm ansèyman ak apremidi dedye pou lè biwo yo. Remak: Parapwofesyonèl yo dwe aliyen orè yo ak pwofesè yo akonpaye ak sipòte.

[30 Novanm – 23 December \(3.5 semèn\)](#)

Nan Faz 3 a: Lansman Gradyèl/Soup, yon ti pousantaj elèv pre-identifiye (SWD a, ELLs, Tier/Nivo III, elatriye) yo kapab retounen souplas andirèk, fas a fas pou enstriksyon; Elèv ki idantifye avan yo ap rapòte nan lekòl la dapre jou ak lè yo dekri nan paj 36 la.

[4 Janvyè 2021 – fen ane a](#)

Nan **Faz 4A, 4B, 4C: Reantre Konplè/A Plen Tan**, tout elèv yo ap ale lekòl dapre jou ak lè yo. Orè sa yo pral repati pou asire sante ak sekirite kontinyèl tout anplwaye ak elèv yo.

Pandan tout kou/klas travay nou ane sa a, imèl reopeningofschoools@orange.k12.nj.us ap rete disponib nan bi pou reponn ak kesyon ke ou ka genyen pandan eksperyans inik sa a. Kòm toujou, tanpri pèmèt 24 èdtan pou yon imèl retounen sepandan anpil fwa imèl la pral retounen nan kèk èdtan ou voye'l la. Kenbe toulède anplwaye yo ak fanmi yo okouran se trè enpòtan, ankò plis nan tan sa yo.

Pwogram Manje Maten & Manje Midi Pran epi Ale (Grab-and-Go)

Distri a ap kontinye bay pake manje mate ak manje midi 'Pran epi Ale/Drab and Go' a, pandan tout faz vityèl / adistans lan san yo pa koute fanmi yo anyen, nan plizyè kote pou vin pran yo. Kote/Lokal yo chwazi yo se:

- OECC (ki gen ladann elèv ki soti nan Cleveland Street School), ki localize nan 397 Park Avenue
- Scholars Academy, ki localize nan 268 Capuchin Way
- Forest Street School, ki localize nan 651 Forest Street
- Heywood Avenue School, ki localize nan 421 Heywood Avenue
- Lincoln Avenue School, ki localize nan 216 Lincoln Avenue
- Oakwood Avenue School, ki localize nan 135 Oakwood Avenue
- Park Avenue School, ki localize nan 231 Park Avenue
- Rosa Parks Community School, ki localize nan 369 Main Street

Tanpri n'ap avize w ke tout kote pral òganize pwogram manje maten / manje midi pran epi ale (grab and go) soti 7:30 AM jiska 1:30 PM, Lendi jiska Vandredi. Elèv yo ka vin pran repa yo nan **nenpòt kote** ki endike anwo a. **Distans Sosyal osibyèn ke mete yon mask yo obligatwa lè yo rapòte nan tout kote. Li enpòtan pou sonje, yon fwa elèv yo resevwa sak manje maten yo / pwan manje midi pran epi ale (grab and go) a nou atann ke yo retounen lakay respektif yo.**

Jan sa endike pa New Jersey Depatman Edikasyon an nan yon kominikasyon distri a te resevwa kòm li gen rapò ak New Jersey Quality Single Accountability Continuum Out 2020 nou an se mo ki vin annapre sa yo ki ekri pa Paula Bloom, ki se Direktris Enterimènan nan Field Services: Mwen kontan enfòmè ou ke distri a satisfè omwen 80% nan endikatè yo chak nan senk ane yo nan pwosesis revizyon NJQSAC a ak li te deziyen kòm "pèfòmans segondè." Komisyonè a pral rekòmande bay Konsèy Depatman Edikasyon Eta a pou sètifye ke distri ou a kòm yon sistèm edikasyon konplè epi efikas, pou yon peryòd twa ane oswa jiska pwochen revizyon NJQSAC a. Konpliman pou akonplisman sa a. Sa a sètènman te pran travay ann ekip epi li enpòtan pou nou rekonèt reyalizasyon nou yo.

Ane lekòl sa a, Central School pral relouvri kòm yon lekòl endepandan (Klas K-2) ak Madam Denise White kòm direktрис lekòl la. Nou ap louvri yon nouvo Sant Early Childhood nan 123 Cleveland ak Dr Cayce Cummins kòm direktрис lekòl la. STEM Innovation Academy of Orange la kounyè a yon lekòl segondè otonòm nan Vil Orange. Lekòl la pral loje klas 9-12. Kòm sa te mansyone pandan ete a, Mr. Salvatore Lima kounyè a ap dirije STEM Innovation Academy of Orange kòm direktè lekòl la.

Mwen espere wè elèv nou ak fanmi nou yo vityèlman pandan tout ane lekòl la. Kòm distri lekòl nou an ouvè pou elèv yo vityèlman nan dat 8 Septanm 2020 an, toujou gen tan pou revize sit entènèt lekòl pitit ou a menm jan li gen rapò ak Chromebook ak Pwodwi pou distribisyon/kyòs osibyèn ke lèt direktè/direktris lekòl la pou Retounen nan lekòl la. Sa a se distri nou an epi n'ap fè gwo travay pou transfòmè pratik nou yo osibyèn ke elèv yo ke n'ap sèvis chak jou. Kòm n'ap vanse ak efò refòm nou an, mwen envite ou reflechi sou yon bagay, ekri sa bibliye lontan, men ki toujou rezonans jodi a. John Katzenbach te deklare, "Travay ann ekip reprezante yon seri valè ki ankouraje konpòtman tankou koute ak konstriktivman reponn a pwen de vi ki eksprime pa lòt moun, bay lòt moun benefis nan dout, bay sipò pou moun ki bezwen li, ak rekonèt enterè yo ak reyalizasyon/siksè lòt moun. Mwen konfyan ke nou pral kontinye flame yon santye ki ranpli ak siksè ak akonplisman pandan ke, ansanm, nou lanse pi bon ane a ankò pou Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan.

Se Moun Pa w la nan Edikasyon,

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Sipèntandan Lekòl yo